

UJIAN MADRASAH (UM)
MADRASAH TSANAWIYAH NEGERI.....
TAHUN PELAJARAN 2020/2021

Mata Pelajaran	: Bahasa Sunda
Satuan Pendidikan	: MTs
Hari/Tanggal	:
Waktu	:

I. PILIH SALAH SATU JAWABAN YANG PALING TEPAT

1. *(Dina ieu waktos urang sadayana ngempel teh nyaeta bade mieling dibabarkeun na kanjeng Nabi Muhammad SAW. Nembe oge ku Saderek Pupuhu Panta Clagara parantos didadarkeun, naon margina di sakola urang diayakeun ieu acara. Rupina ku Sim kuring teu kedah dipedar deui perkawis eta mah, margi katerangan anu kakuping mung bade ngadugikeun pamapag kana lumangsungna ieu acara, minangka wawakil ti sakumna siswa . . .)*
Kalimah diluhur mangrupikeun . . . biantara
A. Eusi
B. Panutup
C. Bubuka
D. Pembahasan
2. Eusi bahasan bisa mangrupa . . . , *iwal*
A. Kamandang pribadi
B. Bahasan ilmiah
C. Karangan batur
D. Survey
E. Observasi
3. Bagéan biantara anu eusina sanduk-sanduk, sarta dipungkas ku salam di sebut . . .
A. Eusi
B. Panutup
C. Bubuka
D. Pembahasan
4. Anu disebut opini teh nyaeta . . .
A. Kamandang pribadi
B. Hasil survey
C. Hasil panalungtikan
D. Hasil panalingaan
5. Harti tina ungkara basa ” mapatahan ngojay ka meri “nyaéta . . .
A. Mapatahan ka jalema anu teu bisa nanaon
B. Mapatahan jalema anu teu bisa bisa
C. Mapatahan ka jalema anu lewih loba kanyaho jeung pangalamanana
D. Mapatahan anu ges bisa ngojay
6. Santri mah diajarna teh di . . . , malah sarena oge sok di dinya bae, tara balik ka imahna
A. Tajug
B. Asrama
C. Masigit
D. Kobong
7. Tempat ngampihan munding disebut . . .
A. Pagupon
B. Karapyak
C. Gedogan
D. Kandang munding
8. Baheula mah gigireun imah urang sunda sok aya . . . nyaeta tempat nenden pare

- A. Lio
 - B. Leuit
 - C. Gosali
 - D. Kios
9. Carita fiksi anu mere kesan lir enya-nya kajadian sarta ukuranana paranjang, mangrupikeun pengertian . . .
- A. Cerpen
 - B. Novel
 - C. Legenda
 - D. Pabel
10. Novel munggaran anu terbit dina basa Sunda nya eta . . .
- A. *Baruang ka nu ngarora karya* D.K Ardiwinata
 - B. *Siti Rayati* karangan Muhamad Sanusi
 - C. *Agan Permas* Karangan Yuhana
 - D. *Pangeran Kornel* karangan R. Memed Sastrahadiprawira
11. Novel “Pateupung di Bandung “ teh karangan . . .
- A. Taufik faturohman
 - B. Ahmad bakri
 - C. Ki Umbara
 - D. Yoseph Iskandar
12. “Sengit nu melem sate “
- Maksud tina ungkara diluhur nyaeta . . .
- A. Seungit anu keur melem sate
 - B. Seungit sate nu keur di belem
 - C. Seungit sate
 - D. Seungit anu melem
13. Biantara dina bahasa Indonesia sarua hartina jeung . . .
- A. Diskusi
 - B. Rapat
 - C. Pidato
 - D. Upacara
14. Nu kaasup paribasa wawaran luang dihandap ieu, iwal . . .
- A. Ayakan Mah Tara Meunang Kanca
 - B. Buburuh Nyatu Diupah Beas
 - C. Mapatahan Ngojay Ka Meri
 - D. Cul Dogdog Tinggal Igel

Keur waktu maskape Bouwplug di Batawi muka tanah ngadegkeung gedong-gedong séwakeuneun di gondangdia. Ngaleut saban isuk ratus-ratus kuli anu rék maraju gawé ka dinya babakuna kuli tukang borong ngali taneuh, tukang témbok jeung kenek-kenékna; lantaran éta maskapeé dina waktu harita, muka tanahna jeung ngadegkeun gedongna téh sarua pada majuna. Dina saban isuk juru tulis anémer pahibut ngantri kuli-kuli disebutan ngaran hiji-hijina. Dina hatong mesin di pabrik madat Salémmba geus disada ngahoang, nyaéta cicirén pukul tujuh, ti dinya sakabéh kuli mimiti digawé sacabak-cabakna. Tukang témbok metakeun séndokna, tukang aduk metakn sekopna, tukang macul ngulangkeun paculna, tukang nanggung mundak rancatanana; mandor-mandor cakah-cikih paparéntah metakeun kuli-kulina.

(*Tina Novel Rusiah Nu Goréng Patut*)

15. Seting waktu ieu sempalan novel nyaéta . . .
- A. Peuting
 - B. Berang
 - C. Isuk-isuk

- D. sore
16. Latar tempat nu aya dina cutatan Novel nyaéta . . .
- A. Palabuhan kapal nu aya di Batawi
 - B. Darmaga nu aya di Batawi
 - C. Tempat ngabangun gedong di Batawi
 - D. Maskape Bouwplug di Batawi
17. Suasana nu kagambar dina éta cutatan novel nyaéta . . .
- A. Harénghéng tur teu tenang
 - B. Tiiseun jeung tengtrem
 - C. Riweuh jeung ramé kunu digawé
 - D. Kacow jeung ribut ku jalma-jalma
18. Unsur pangwangun novel anu eusina nyaritakeun waktu jeung tempat lumangsungna kajadian dina carita disebut....
- A. Jejer
 - B. Galur
 - C. Amanat
 - D. Latar
- 1. Sora
 - 2. Lentong
 - 3. Wirahma
 - 4. Nada
 - 5. Paroma
 - 6. Pasang peta
 - 7. Make basa gaul
19. Padika maca biantara nu bener nyaéta . . .
- A. 1,2,3,7,5,6
 - B. 2,3,4,5,6,7,1
 - C. 3,4,5,6,7,1,2
 - D. 1,2,3,4,5,6
20. Anu kaasup kana pakem basa nyaeta . . .
- A. Rakitan basa
 - B. Rarakitan
 - C. Rakitan lantip
 - D. Rakitan matok
21. Bagian drama anu miboga fungsi nepikeun kacindekan, atawa intisari carita/ ahir carita disebut . . .
- A. Prolog
 - B. Monolog
 - C. Dialog
 - D. Epilog
22. Wangun suhunan anu handapna kenca katuhu lewih mébér, dipapandékeun kana jangjang manuk julang amu keur ngalayang, disebut wangun suhunan . . .
- A. Jogo anjing
 - B. Julang ngapak
 - C. Badak heay
 - D. Parahu kumureb
23. “Suka pura ngadaun ngora”
- Ungkara di luhur teh kaasup . . .
- A. Cacandran
 - B. Caturangga
 - C. Rakitan lantip
 - D. Uga

24. Caturangga téh pakem basa anu eusina ngeunaan hade gorengna watek . . .
- Ucing
 - Jalema
 - Manuk
 - Kuda
25. Drama anu paguneman palakuna digurit dina wangun tembang atawa kawih, nyaéta . . .
- Gending karesmen
 - Melodrama
 - Longser
 - Pantonim

Kunaon langit bet
 Tuluytaya reureuhna
 Neupika banjir taya
 Antukna mawa panyakit

26. Eusian titik-titik dina sajak diluhur ku kecap nu merenah!
- | | |
|--------------------------------|--|
| A. Aleum-banjir-ngagebret-loba | C. Poek –hujan-saatna-rupa-rupa |
| B. Poek –banjir-saat-loba | D. Aleum-hujan-ngagebret-hujan-rupa-rupa |

27. Kawas . . . leupas ti gedogan
- Sapi
 - Domba
 - Kuda
 - Uncal
28. Babanding kalakuan atawa kaayaan jelema kana kalakuan atawa kaayaan hiji hal, anu bisa jadi perlambang lakuning hirup. Mangrupikeun pengertian . . .
- Paribasa
 - Uga
 - Babasan
 - Rakitan lantip
29. Maksud tina ungkara “ moro julang ngaleupaskeun peusing” nyaéta . . .
- Moro anu heunteu penting
 - Ngudag ngudag anu can tangtu
 - Ngaleupaskeun anu ges puguh
 - Ngaleupaskeun anu ges puguh lantaran kabitaku nu lewih alus bari can tangtu
30. Judul gending karesmen anu di karang ku Koko Koswara nyaéta . . .
- Lutung kasarung
 - Pahlawan samudra
 - Panjuwulung
 - Si kabayan

Itoh : “Rat, PR Basa Sunda téh tos réngsé teu acan ?”

Ratna : “PR nu mana téa nya ?”

Itoh : “Eta geuning ngadamel sisindiran !”

Ratna: “Oh, éta. Nu mawi abdi mah teu acan. Dupi Itoh, PR-na tos bérés kitu ?”

Itoh : “Parantos, kaleresan dirorompok aya Aa, pinter ngadamel sisindiran .”

Ratna : “Euleuh resep atuh nya ari aya nu ngabantosan mah!

Abdi mah teu aya pisan nu tiasa diajak badanten. Janten sakalieu aya PR nu sesah téh sok bingung.”

Itoh : “Ah, tong bingung-bingung atuh. Sumping ka rorompok pan caket. Urang sasarengan diajar. Pun lanceuk sareng pun Biang mah pasti bingaheun geura.”

Ratna : “Insya Allah ka payun mah.”

31. Saha palaku din paguneman di luhur nu boga maksud ngajak ngarengsekeun PR?
- Itoh
 - Ratna
 - Tita
 - Sulis
32. Naon Sababna ratih ngarasa bingung?
- Sabab teu boga lanceuk
 - Sabab geus bisa ngarengsekeun PR
 - Sabab PR-na can anggeus
 - Sabab taya nu bisa diajak badami
33. Cing atuh ari ditanya ku batur teh heg ngajawab da(taya goreng na upama urang nageunahkeun hate batur ku basa)
- Kandeul kulit beungeut
 - Asa kabur pangacian
 - Basa mah teu kudu meli
 - Amis budi
34. Carita atawa lalakon anu diwujudkeun dina wangun paguneman, maksudna pikeun dipintonkeun. Nyeta pengertian . . .
- Novel
 - Drama
 - Gending karesmen
 - Carpon
35. Omongan palaku anu silih tempas dina drama disebut . . .
- Dialog
 - Monolog
 - Prolog
 - Epilog
36. Bapa kuring rek indit ka sawah.”
Kalimah di luhur mun dirobah kana ragam basa lemes, nyaeta jadi...
- Bapa abdi rek indit ka sawah.”
 - Apa abdi rek bade indit ka sawah.”
 - Bapa kuring rek mios ka sawah.”
 - Pun bapa bade angkat ka sawah.”
- Meser bubur ka Cihaur
Jalanna mapay Cigowong
Ka batur mah nitah jujur
.....
37. Eusi padalisan kaopat sisindiran di luhur nu luyu nyaeta...
- Manehna mah jalma sombong
 - Manehna mah jalma lolong
 - manehna mah purang bohong
 - manehna mah purang noong
- Kuring mah moal milu piknik da teu boga duit”, ceuk Imas ka Somad.
38. Kalimah di luhur lamun dirobah jadi kalimah teu langsung unina.....
- Imas nyarita ka Somad yen manehna moal milu piknik sabab teu boga duit.
 - Ceuk Imas ka Somad, kuring moal milu piknik sabab teu boga duit.
 - Imas nyarita ka Somad yen manehna moal milu piknik sabab teu boga duit.
 - Kuring mah moal milu piknik da teu boga duit ceuk Imas ka Somad.
39. Mana kalimah langsung anu bener!
- Saha anu teu sakola?
 - Iraha rek indit ka Jakarta teh?
 - Keur naon gunana memeniran teh?” Iwan nanya.
 - Iwan nanyakeun gunana memeniran teh.
40. Pagelaran drama anu dipintonkeun disebut....
- Rampak sekar
 - Wirahma
 - Aransemen
 - Gending karesmen
41. Naskah drama teh nyaeta karya sastra anu di tulis dina wangun

- A. Narasi
 - B. Pupuh
 - C. Sajak
 - D. Paguneman
42. Sabaraha urang ari palaku dina naskah drama ?
- A. Saurang
 - B. Dua urang
 - C. Tilu urang
 - D. Lewih ti saurang
43. Drama anu palakuna ngan saurang disebut
- A. Musikal
 - B. Eksperimental
 - C. Monolog
 - D. Dialog
44. Kampung Naga teh perenah na di Kabupaten Tasikmalaya
- A. Kacamatan Salawu
 - B. Kacamatan Singaparna
 - C. Kacamatan Cilawu
 - D. Kacamatan Neglasari
45. Idiom dina basa Sunda mah disebut...
- A. Paribasa
 - B. Babasan
 - C. Caturangggga
 - D. Pakem basa
46. Uga mangrupa pakem basa anu eusina tujuman kana ...
- A. Kaayaan hiji daerah dina hiji mangsa
 - B. Kaayaan hiji jalma dina nahirupan
 - C. Kaayaan nagara dina mangsa nu bakal datang
 - D. Kaayaan nagara dina mangsa ni geus kasorang
47. Jalema anu someah tur hade parangina sok disebut...
- A. Alus budi
 - B. Budi parangi
 - C. Ngabudi ucing
 - D. Amis budi
48. "Kade, ulah nepi ka jati kasilih ku"
- A. Jengkol
 - B. Jeungjing
 - C. Junti
 - D. Peti
49. Jalma anu kandeul kulit beungeut teh nyaeta jalma anu ...
- A. Kuat beungeutna
 - B. eraan
 - C. Teu boga kaera
 - D. Gede kawani
50. Aya paribasa " ayakan mah moal meunang
- A. Kancra
 - B. Lele
 - C. Gurame
 - D. Lauk emas